दिन—शुक्र दिनांक—19.07.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्य सरकार पंचायत स्तर पर विकास कार्य मे भऽ रहल भ्रष्टाचार के रोकबाक लेल मुखिया आ पंचायत सचिव सभ के अधिकार मे कटौती कऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे आइ मंत्रिमंडलक बैसक मे एहि आशयक प्रस्ताव के मंजूरी देल गेल। आब पंचायत सभ मे पन्द्रह लाख टाका सँ बेसी राशिवला काजक लेल सेहो टेंडर निकालल जायत। कैबिनेटक अपर मुख्य सचिव एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे एहि नियमावली सँ मुखिया आ पंचायत सचिव सभक मनमानी पर रोक लागत। मंत्रीपरिषदक बैसक मे बिहार फिल्म प्रोत्साहन नीति दू हजार चौबीस के स्वीकृतिक संगहि कुल सत्ताईस प्रस्ताव के मंजूरी देल गेल।

---

केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह कहलनि जे प्रदेश मे वस्त्र उद्योग के बढ़ावा देबाक लेल केन्द्र सरकार बिहार सरकारक कतेको मांग पर अपन स्वीकृति देलक अछि। आइ पटना मे टेक्सटाइल इनवेस्टर्स मीट के उद्‌घाटन समारोह के सम्बोधित करैत श्री सिंह कहलनि जे एहि सँ राज्य मे वस्त्र उद्योग के बढ़ावा भेटत।

---

माईक्रोसॉफ्ट साफ्टवेयर मे आयल गड़बड़ीक कारणे भारत सहित विश्वभरि मे लाखों लोक प्रभावित भेलाह अछि आ पैघ उद्योग, बैंकिंग सेवा आ अंतर्राष्ट्रीय एयरलाइंसक कामकाज बाधित भेल अछि। भारत मे इंडिगो, अकासा आ स्पाइसजेट एयरलाईंसक कामकाज पूरा तरहें बंद भऽ गेल अछि। पूरा विश्व मे एयरलाईंसक कहब अछि जे हुनक चेक—इन प्रणाली मे भोरहि सँ गड़बड़ी भऽ रहल अछि। भारत मे मुम्बई हवाईअड्‌डा सभ सँ बेसी प्रभावित भेल अछि। जखनकि दिल्ली हवाईअड्‌डा पर कामकाज मे सभ सँ बेसी बाधा टर्मिनल—टू पर आबि रहल अछि। ई गड़बड़ी कथित रूप सँ अमरीका स्थित साइबर सुरक्षा प्रदाता क्राउड स्ट्राइक

सँ संबंधित अछि। कंपनी कहलक जे इंजिनियरिंग टीम एहि समस्या के सोझरेबाक लेल सक्रिय रूप सँ काज कऽ रहल अछि। भारत मे सेहो कतेको उपयोगकर्ता डाउनडिटेक्टर माइक्रोसाफ्ट सेवा सभ मे रूकावटक जनतब देलक अछि।

---

प्रदेश मे दक्षिण–पश्चिम मॉनसून के कमजोर पड़बा सँ वायुमंडल मे आर्द्रताक मात्रा बढि गेल अछि। एहि कारणे लोक सभ के उमस भरल गर्मीक सामना करए पड़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान गोपालगंज मे सर्वाधिक तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग जनौलक जे अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान प्रदेशक अधिकतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तनक संभावना नहि अछि। ओतहि, प्रदेश मे तेईस जुलाई सँ एक बेर फेर मॉनसून के सक्रिय होयबाक संभावना जनाओल गेल अछि। विभाग तेईस आ चौबीस जुलाई कऽ सीवान, गोपालगंज, सीतामढ़ी, दरभंगा, पूर्वी आ पश्चिम चंपारण जिलाक कतेको ठाम वर्षाक पूर्वानुमान जतौलक अछि।

---

प्रदेश सँ भऽकऽ गुजरएवाली अधिकांश नदीक जलस्तर मे उतार–चढ़ाव जारी अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंजक डुमरिया घाट मे खतराक निशान सँ आठ सेंटीमीटर ऊपर अछि। ओतहि, खगड़िया जिलाक बलतारा मे कोसी नदीक जलस्तर खतराक निशान सँ पचहत्तरि सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। एम्हर, अररिया जिला मे परमान नदीक जलस्तर लाल निशान सँ नओ सेंटीमीटर ऊपर अछि।

---

भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण–एनएचएआई कहलक अछि जे वाहन सभ के आगांवला शीशा पर फास्टैग नहि लगबएवला वाहन मालिक सभ सँ दुगूना टोल वसूलल जायत। प्राधिकरण जनौलक जे जानिबूझिकऽ विंडस्क्रीन पर फास्टैग नहि लगेबा सँ टोलप्लाजा पर अनावश्यक देरी होयत अछि जाहि सँ लोक सभ के असुविधा होइत अछि।

---

रिजर्व बैंक कहलक जे चालू वित्त वर्षक दोसर तिमाहीक शुरूआत अर्थव्यवस्था मे तेजीक संकेतक संग भेल अछि। राष्ट्रीय नमूना सर्वेक्षण कार्यालय–एनएसएसओ के मासिक प्रतिव्यक्ति उपभोग व्यय सर्वेक्षणक आधार पर रिजर्व बैंक जनौलक जे शहरी क्षेत्रक तुलना मे ग्रामीण क्षेत्र मे खर्च बढि रहल अछि आ ग्रामीण–शहरी विभाजन कम भऽ रहल अछि। ओतहि, मनरेगा एहेन योजना सभक कारणे बढल मजदूरी दर आ शहरी प्रवास– ग्रामीण परिवार सभक खर्च करबाक बढ़ल क्षमता मे महत्वपूर्ण योगदान दऽ रहल अछि।

———————————————————————

बिहार राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकरणक दिस सँ आइ पटना मे कार्यशालाक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर प्राधिकरणक उपाध्यक्ष डॉक्टर उदयकान्त मिश्रा कहलनि जे आपदाक स्थिति सँ निपटबा मे जागरूकता महत्वपूर्ण अछि। ओ जनौलनि जे लोक सभ के जागरूक कऽ हम सभ आपदा सँ होबयवला नोकसान के कम कऽ सकैत छी।

———————————————————————

समाप्त